

GUFASHWA KUBIJANYE N' AMAFARANGA Y' INZU N' INGURANE Y' INGWATI

Turabiginga gusoma ibi bikurikira imbere yogutanga ibibanziriza iyandikishwa

Q1 : Ni akamaro akahe koba ngahari muri uwo mugambi wogufasha mubijanye no gupanga n'ingwati muri iki gihe c'ikiza ca Covid-19

A1 : Umugambi wo gufasha mu bijanye no gupanga inzu y'ingwati muri iki gihe c'ikiza ca Covid-19, n'ugutanga canke amahera y'ingwati ku bantu bugarijwe n'ico kiza.

Q2 : Ni ibihe bisabwa bihari kugira ngo umuntu ashobore kuba mur'uwu mugambi wogufasha kubijanye n'ingwati n'amahera yo kuriha y'inzu kubugarijwe nico kiza cya covid-19?

A2 : Ni Ababa mu gisagara c'i Dallas boba bari mu kaga ko kwirukanwa mu nzu canke bariko barahangana no kwugarirwa bitewe n'iki kiza ca Covid-19 bivuye ku kazi canke amaronko make.

1. Gusaba kuzokorwaho n'abazozza vuba cange mbere nibo bazokorerwa mbere.

Q3 : Ni bande bavyemerewe ?

1. Abantu n'imiryango baba mu mazu ya leta canke barihirwa amazu bafashijwe.
2. Ababa mu mazu bahawe na leta bakaba baramaze kuronswa amahera bahawe n'umushinga wabakiriye n'ayandi mashirahamwe.
3. Imiryango iba mu mazu y'imiryango yabo ya hafi (imiryango ku maraso, ubugeni canke bareze) ububakanye abavyeyi (harimwo ba mukase....)umwana, abavukanyi basokuru na banyokuru, n'abandi bakomoka kuri iyo miryango bamwana, n,ibyenyinyina yabo.
4. Abakozi b'igisagara (ba commune) n'imiryango ya hafi nti bavyemerewe mu ruwo murwi. Imiryango ya hafi irimwo abubakanye, abavyeyi, abana, abasokuru, n'abanyokuru, ba Sebukwe na ba Inabukwe.

Q4 : Mbega ndashobora kuronswa amahera uko nyene ?

A4 : Oya, amahera aronswa nyiri Inzu kugira agufashe mu vy'amahera y'inzu no kubijanye n'ingwati agatangwa aho iyo ngwati yafatiwe. Nyene inzu canke ishirahamwe ryaguhaye

ingurane musu y'ingwati runaka ritegerezwa kwemera y'uko igisagara ca Dallas kibariha mu gishingo cawe.

Q5 : Mbega hari icangombwa gikenewe kugira nshirwe muri urwo rutonde ?

A5 : Ego utegerezwa kuba ufise ivyangombwa bidondaguwe imbere y'uko kwiyandikisha biciye mu buhinga bwa none canke ku telefone ngendanwa yawe.

Ibukurikira n'ibisabwa kugira wiyandikishe/ngo bagushyungure/kugusuzuma:

1. Uwiyandikisha ategerezwa gutanga icangombwa cerekana ico ikiza ca Covid-19 camwononeye ariko atakuyemwo ibi bikurikira.
 - a. Icerekana akazi ukora/uruhombo, mu gihe gito canke kirekire camaho.
 - b. Kugabarinerizwa amasaba y'akazi/umushahara.
 - c. Kudugirizwa mu bijanye no kwivuza n'abo mu nzu bahawe bakadugirizwa amahera, kutaronka amahera akwiye yo kuriha inzu canke kw'ishura ingurane usubizwe ingwati (akarorero kudugirizwa kubijanye no kurara umwana kubwo kugarwa kw'amashuri)
2. Amakopi y'ibibi bikurikira : igitabo kigikora canke akarangamuntu canke igipapuro kikwemerera gutwara umuduga (permis de conduire) kuri buri muntu akuze mu nzu).
3. Urupapuro rw'amavuka kuri umwana wese uri musu Y'imyaka cumi n'umunani IZINDI: ntonde zisaba urwo rupapuro rw'amavuko kuri muntu wese uba mu nzu.
4. Icemeza uburyo (amahera) winjiza, cange izindi nyungu winjiza zivuye muri leta agapapuro uhembarwako niba ufata ubundi bufasha bwo muri leta utange icyemezo (TANF, ni bindi.)
5. Icemeza y'uko ababa mu nzu yawe bese n'ivyemezo vyose vyabo bigaragaza ko ari abawe.

Ibindi vyangombwa vyongeye vyoba bikenewe kugira umuntu yiyandikishe.

6. Abakenye kwiyandikisha kubijanye n'amahera y'inzu
 - a. Urupapuro rw'amasezerano yubu (contrat)
 - b. Icete ryanyuma rwo baba baraguhaye rikubwira ko baragusohora munzu nimba utishuye inzu kubwa mahera y'inzu wariha buri kwezi, icete canke urupapuro rwemeza ko uwo muntu yabangamiwe n'ikiza ca Covid-19.
7. Abakenye kwiyandikisha kubijanye n'ukuriha ingurane musu y'ingwati yinzu baguze bakaba bishura buke buke buri kwezi.
 - a. Urwete rwerekana ingwati yo yaguriyeho iyo nzu.

Q6 : Mbega ndashobora gukoresha internet, ni gute nshobora kwiwandikisha mu rutonde rwo gufashwa n'ibijanye n'ingurane musu y'ingwati canke amahera y'inzu.

A6 : Kuva kuva 4 Rusama, raba kuri www.dallascityhall.com wuzuze ibisabwa mw'iyandikishwa.

1. Koresha telefone ingendanwa yawe, smartphome, tablet canke desktop mu kwiwandikisha.
2. Ukwiwandikisha kuri mu ndimi nyinshi zitandukanye.

Q7: Nta internet nfise/ni gute nshobora kwiwandikisha mu rutonde rwo gufashwa mu bijanye n'amahera y'inzu canke ingurane musu y'ingwati.

A7: Nimba udafise internet, kuva 4 Rusama urashobora guhamagara 469-749-6500. Kuva mbere gushika kuva gatanu kuva isaha zitanu gushika isaha cumi n'imwe kugira wiyandikishe biciye kuri ngendanwa.

*kubw'ihamagara rya bantu witegura kurindira umwanya utari muto canke kurindirizwa.

1.Ababitaba barahari ku ndimi z'icongereza n'iki espagnol.

Q8. Mbega murashobira kwakira impapuro n'ivyangombwa vyanje mu gihe c'iyandikishwa ?

A8. Oya , ariko abiyandikisha bategerezwa kwama biteguye kwama batanga izo mpapuro imbere yo kw'iyandikisha.

Igihe uwiwandikisha yemewe n' umukozi w' Igisagara ca Dallas aramukwirikirana amusaba ibisabwa twamaze kudondagura aho hejuru. Uwiwandikisha arashobora gusabwa n'ibindi vyangombwa mukubandanya iyandikishwa.

Q9.Iyandikishwa rimara igihe kingana gute ?

A9: Ikiringo c'iyandikishwa kivana n'uwiyandikisha. Ariko ikiringo ntarengwa n'indwi 4 kuva yemerewe gushika mu kurihwa kw'amahera kuri nyen'inzu canke aho yakiriye ingurane.

Q10: Mbega nkwiye gusubiza ayo mahera?

A10: Oya, ni imfashanyo si ingurane.

Q11: Ni amahera angahe akenewe mugufasha ku muryango wanjye?

A11: Ubwo buryo bushikirizwa nyene inzu canke ishirahamwe wasabiyeko ingurane musi y'ingwati. Ikiringo c'iyoy mfashanyo kirashobora gushika ku mezi 3-24 n'amahera angina na \$1500 ku kwezi bivanye n'amazu. Ikiringo n'amahera bivana n'urutonde k'uwatowe.

Q 12. Ese hari uburyo (Amafranga) yiyongeye mugihe wacerewe kuriha nyen'ubutaka/ukodesha, cange kuriha umuriro amazi na gas uwakuguriye canke abaguhaye ivyo ukeneye bwoba buri mubikwiye gufashwa?

A 12. Oya, uburyo (amafranga) bwatevye kurihwa ntiburi muvuyitwararikwa mur'uyu mugambi. Igisagara ca Dallas kizobaza ba nyen'ubutaka/nyene mazu, uwakuguriye, canke abaguhaye ivyo ukeneye guheba ayo mafranga mugishingo c'uwusaba ubufasha. Ariko igisagara ca Dallas ntikiguha icizere ko bazoshima kubikora.

Q 13. Ndi nyen'ubutaka/mwene inzu cange urihwa umucanwa n'amazi na gas n'imyavu, uwaguriye canke uwatanze ivyo umuntu akeneye, ni gute ndihwa?

A 13a. Mugihe uri nyen'ubutaka, uwaguriye, canke uwatanze ivyo umuntu akeneye ukaba ushaka kurihwa n'Igisagara ca Dallas, ariko ukaba utarandikwa nk'umudandaza akorana n'Igisagara ca Dallas, turakwinginze **u telecharge/wugurure k'ubuhinga ngurukana bumenyi iyi formulaire uyuzuze**, hama urirungikane irikumwe na W9 yawe kuri RantalAndMortgageAssistance@DallasCityHall.Com. Uzomenyesha intambuko ikurikira mugihe uwugupangiye, uwo waguriye, canke uwo wahereje ivyo akeneye azoba yarenganye (yaciye) urugezo rw'isizumwa mur'ikigikorwa.

A 13b. Mugihe uri nyen'ubutaka, uwaguriye, canke uwatanze ivyo umuntu akeneye kandi wanditswe nk'umudandaza akorana n'Igisagara ca Dallas, uzomenyesha mugihe uwugupangiye, uwo waguriye, canke uwo wahereje ivyo akeneye azoba yarenganye (yaciye) urugezo rw'isizumwa mur'ikigikorwa. Uzomenyesha intambuko ikurikira mugihe uwugupangiye, uwo waguriye, canke uwo wahereje ivyo akeneye azoba yarenganye (yaciye) urugezo rw'isizumwa mur'ikigikorwa.

A13c. Mugihe uri nyen'ubutaka, uwaguriye, canke uwatanze ivyo umuntu akeneye, ukaba udashaka ko urihwa n'Igisagara ca Dallas, ugupangiye ntazoba abereye kuba mubakwiye gufashwa n'uyu mugambi.

Q 14. Abatari abanyagihugu (abadafise ubwene guhugu) bakaba badafise ibisabwa vyose ko umuntu akwiye kugira kuri A5 ngo babe ababereye kwakira ubufasha mur'uyu mugambi ufasha abakozwe ko na COVID 19 nk'abapangayi, canke abagurijwe?

A14a. Ego, har'ibice vy'uyumugambi bizohagarikirwa n'abo dufashanya badaharanira inyungu kandi bikaba biteganijwe kuzotangura_____. Ababa Mugisagara ca Dallas bashobora kuba badafise impapuro zose zisabwa kuri A5 barashobora kuba babereye kuronka ubufasha bwihuta biciye mubo dukorana badaharanira inyungu. Mukugerageza gushiramwo bose, Igisagara ca Dallas kirarondera gufatwa m'umugongo n'abakorana naco badaharanira inyungu bizigirwa mumigenderanire bafitanye ngo bafashe ababa muri Dallas bose.

A 14b. Nabahe mukorana badaharanira inyungu? Ese nobarondera jewe jenyene atawe ndize gucako?

Igisagara ca Dallas kiri m'umwitwarariko wo kwifatanya n'abafasha badaharanira inyungu. Amakuru yose akenewe muzoyamenyeshwa mumayinga ar'imbere.

Q 15. Uburyo buteguwe kubw'uyu mugambi bungana gute?

A 15. Miliyoni 13,7 vy'amadolari y'abanyamerika.

Q 16. Amafaranga y'uyu mugambi mwayakuye hehe?

A 16. Uburyo bwinshi bukenewe m'umugambi wo gufasha Abapangayi/n'Abagurijwe bakozweko na COVID 19 bwatanzwe na Congress biciye Mugikorwa co KWITWARARIKA (CARES Act) gushigikira kunagura ubuzima bw'abakozweko na COVID 19. Igisagara ca Dallas kiriko kirashiraho itandukaniro mugukoresha uburyo caronse mugufasha ababigenewe.

Mur'iki gikorwa, Igisagara ca Dallas kiringinga HUD kurekura vuba ibindi bice bibiri vy'uburyo kugirango dukoreshe amafaranga yandi yose yongewe ngo habeho kuriha amazu, abagurijwe imyenda yo kugura amazu , canke gutanga ivyangombwa bikenewe (nko kuriha umucanwa amazi na gas nimyavu).